

Chè paran oswa gadyen legal :

Viris ki atake sistèm defans nan kò moun *Human Immunodeficiency Virus* (VIH)/Maladi onivo sistèm defans yon moun ki anpeche l'atrap anpil maladi *Acquired Immunodeficiency Syndrome* (SIDA) se youn nan pi grav pwoblèm sante Ameriken pa janm gen pou l'konfwonte anvan. Pa gen tretman, e sèl jan nou ka ede elèv nou yo pwoteje tèt yo pou yo pa transmèt yo VIH, viris ki koze SIDA a, se edike yo nan domèn lan.

Lekòl nou a pral kòmanse bay pitit ou a enfòmasyon osijè SIDA. Depatman Edikasyon Leta Nouyòk *New York State Education Department* (NYSED) e Depatman Edikasyon vil Nouyòk *New York City Department of Education* (NYCDOE) ekzije pou n fè kou sou VIH/SIDA pou tout elèv akòmanse Jadendanfan jiska klas 12yèm ane. Lwa sa a deklare ke moun k ap fè klas sou VIH/SIDA dwe konsidere laj timoun yo, karakteristik maladi a e jan li ka transmèt, epi mwayen pou yo pa atrape l'. Kou yo dwe vize pou fè elèv yo konprann sa yo rele maladi kontajye, jan pou yo viv an bòn sante, ak jan pou yo idantifye resous kominotè ki ka ede yo amelyore jan yo viv.

Regleman Leta yo egzike tout elèv asiste klas ki diskite karakteristik maladi a e jan maladi sa a ka transmèt. Sepandan, paran oswa gadyen legal yo gen dwa mande pou pitit yo pa patisipe nan klas ki diskite mwayen pou yo pa atrape maladi a. Yo rele klas sa yo "*Prevention.*" Paran oswa gadyen legal yo ki mande sa a dwe voye yon lèt ba direktè lekòl pitit yo a pou mande l' pou yo pa bay pitit yo klas sa yo, e yo dwe bay lekòl la garanti yo pral ranseye elèv la sou sijè sa a lakay yo.

Yon konsèy konsiltatif sou VIH/SIDA ki konpoze de manm Komite sou règleman Edikasyon *Panel on Educational Policy*, reprezantan kominotè yo, paran yo, pwofesè yo, ak sipèvizè yo byen evalye e apwouve pwogram etid ak materyèl yo pral itilize nan pwogram lan. Depatman lasante ak ijyèn mantal *Department of Health and Mental Hygiene* (DOHMH) vil Nouyòk la evalye pwogram lan tou, epi li apwouve l'.

Ankouraje pitit ou a pale ak ou osijè VIH ak SIDA. Ou ka eseye tou montre l' dokiman nan jounal ak revyi ou ka diskite avèk li. Lè w fè sa, w ap ka ranfòse konesans pitit ou a sou jan VIH la transmèt, e ba l' okazyon lè sa a pou pitit ou a diskite avèk ou kòman lè l'evite gen kontak seksyèl, bwè alkòl e itilize lòt dwòg se pi bon jan e fason pi apwopriye pou timoun pwoteje sante yo ak lavni yo.

Nou apresye patisipasyon w nan lekòl la. Nan domèn sa a, pa egzantp, nou bezwen paran nan komite VIH/SIDA lekòl segondè a, epi tou pou koòdone konferans sou VIH/SIDA Asosyasyon pwofesè-paran *Parent Teacher Association* (PTA). Pale ak pwofesè pitit ou a, koòdonatè paran an, oswa ak mwen pou fè n konnen kòman ou ka bay yon koutmen nan klas sou VIH/SIDA yo.

Si w ta vle poze tout kesyon osijè pwogram sa a, oswa si w ta renmen gade materyèl pwogram VIH/SIDA a, tanpri pa ezite telefone.

Ak senserite,

Direktè

Tanpri, vin patisipe nan yon reyinyon pou paran osijè mizajou nouvo Pwogram VIH/SIDA a nan

Non kote a :

(Place)

Dat (mwa/jou/ane) :

(mm/dd/yy)

Lè :

(Time)

Nou fè kou sou VIH/SIDA nan saldeklas yo apati :

Dat (mwa/jou/ane) :

(mm/dd/yy)

jiska

Dat (mwa/jou/ane) :

(mm/dd/yy)